Ассаламу гIалайкум!

# АХИХЪАН

№ 17 (7366)
18 Апрель 2019 сон
Хамиз
sadovoduns@yandex.ru
Багьа 7 гъурущ

Газета бахъизе байбихьана 1937 с. УНСОКОЛО РАЙОНАЛЪУЛ ГАЗЕТА «САДОВОД»

Данделъаби

## Аппараталъул совещание



15 апрелалда букIана райадминистрациялъул иргадулаб аппараталъулаб совещание. Гьенир гIахьаллъана администрациялъул киналго хIалтIухъаби.

Аслияб кIвар данделъиялда бусинабун букIана районалъул экономикалъул суалазде. Гьелда хурхун информация гьабуна отделалъул нач М. ГIадуевас. Гьес бихьизабуна жакъа къоялда налогал ракIариялъул план 107,7% тIубан бугин, хъвай-хъвагIай гьабун буго 15 хIалтIулел ОООязул, гьединго 58 захIматалъулал къотIаби хъван ругин.

КIалъазе вахъарав Л. МухIамадгIалиевас бицана ЕГЭ кьеялъе гьабулеб бугеб хIадурлъиялъул, гьединго тIад чIей гьабуна 4-7 классазда тIолгороссиялъулал халгъариял унел ругин.

ГIахьаллъараз рицана федералиял программабазда гIахьаллъиялъул, бакIал раялъул ва цогидазулги. Дандрана цере ругел маялъул ва спортивиял праздниказде хIадурлъиялъул. Жавабиязе кьуна тIадкъаял.

## «150 школ» проекталъул бицана



Щибаб анкьие ахIулеб аппараталъулаб собрание букIана дагьал цере къоязда райадминистрациялда. Гьенир гIахьаллъана бетIерасул замал С. АрулмухIамадов, М ХIасанова, М. ХIамзатов, бетIерасул кумекчи ГI-ХI. ГIумаров, администрациялъул аппарат управлениялъул нухмалъулей П. ГIалиева, райадминистарциялъул отделазул начальникал А. МухIастанов, А. ГIабдулхаликъов, юрист У. Бартыханова ва цогидалги.

Данделъиялъул гIахьалчагIаз гьаркьие лъуна «150 школа» проекталда районалдаса гIаммаб лъай кьеялъул школал гIахьаллъиялъул суал. Гьеб проекталде гьоркьобе школал ккеялъе финансовиял ресал ратиялъе районалъул нухмалъиялъ кумек тIалаб гьабулеб буго меценатаздасан.

(Ахир 2 гьумералда)

Терроризм

## ХIинкъи гьечIолъи букIиналъе



Араб анкьалда «Унсоколо район» МО-ялъул бетIерасухъ данделъун рукIана Россиялъул федерациялъул Дагъистаналда бугеб националияб гвардиялъул федералияб хъулухъалъул рагъулаб управлениялъул вакилзаби. Гьел ккола Буйнакск шагьаралъул МОВОялъул начальник, полициялъул подполковник МухIидин Мусаев, гьесул заместитель,подполковник МухIамад МухIамадов ва милатазда гьоркьосеб общественниял ишазул, диниял цолъабазул рахъалъ «Единая Россия» фракциялдасан РДялъул 6 ахIиялда вищарав Халкъияб Собраниялъул депутат МухIамад МухIамадов.

Гьениб аслияб къагIидаялда бицана лъай кьеялъул учреждениял цIуниялъул, гьезул цIуниялъулаб паспорт букIинабиялъул, гьеб ишалда хурхун цоцазе кумек гьабиялъул.

РакIалде щвезабизин; районалда буго 28 хIинкъи гьечIолъи букIинабизе кколеб лъай кьеялъул объект. Гьезул руго паспортал, эвакуациялъул планал, рихьизарун руго жавабиял, киналго хIалтIаби гьарулел руго терроризмаялде данде чIеялъул мурадалда.

## Общественнияб палатаялъул Советалъул данделъи



Гьал къоязда «Унсоколо район» МОялъул администрациялъул конференц-залалда букIана Общественнияб Палатаялъул Советалъул цIияб составалъул тIоцебесеб заседание. ХIалтIулаб дандчIваялда гIахьаллъана палатаялъул пред. М. ГIабдулаев, зам. ХI. МухIамадзагьидов, секретарь ГI. Абакаров ва комиссиязул председателал.

БакI ккун букIаго бихьизабизин; Общественнияб Палатаялъул кидаго хIалтIулеб комиссия буго кинабниги лъабго. Гьел ккола экономика цебетIеялъул ва сверухъ бугеб тIабигIат цIуниялъул, председатель – М. МухIамадов, закон ва гIадлу-низам цIуниялъул, - пред. ХI. МухIамадгIалиев ва социалиял суалазул, культура, лъай кьей цебетIезабиялъул – пред. ГI-К. ГIабдурахIманов.

Заседание рагьулаго саламалъулал рагIабиги абун гIахьаллъаразда районалъул гIумроялъулъ ккарал лъикIал рахъазул бицана М. Бадиевичас. Гьенибго бихьизабуна, «Нилъеца жигараб гIахьаллъи гьабизе ккола районалъул гIадамазул гIумроялъулъ, киналго районалъул масштабалда тIоритIулел акциязул рахъ ккезе ккола. Гьединго цIакъго жавабиял суалал гIуразе хIаракатал гIадамалги гьоркьоре рачун, нилъецаго гIуцIизе ккола хIалтIи. Нилъер аслияб масъала буго районалъул гIадамазул гIумро гьабиялъул даража борхи.

Къойил темаялде босун букIана гьаб соналда Общественнияб Палатаялъул Советалъул хIалтIул план хIабизе ва заседаниялде росизе суалал хIадуризе.

Заседаниялда хIукму гьабуна балагьиялде росизе гьал хадусел суалал:

- ГIолилазда гьоркьоб спорт ва физическияб культура цебетIезаби, спорткомитеталъул хIалтIул рахъ борхизаби.

- Районалъул гIолилазул комитеталъул ва гьезул рухIияб рахъалъул, такъсирчилъи биччангутIиялъе гьаризесел хIалтIабазде кьолеб кIвар цIикIкIинабизе.

Хадуб данде росана комиссиязул хIалтIул хIасилал, рихьизаруна хадур ккун гьаризесел тадбирал.

**Ахихъан**

Районалъул газета

№ 17 (7366)

18 Апрель 2019 сон

2 гьумер

Россиялъул Федерациялъул лъималазул ихтияр цӀуниялъул рахъалъ уполномоченнияй вакил Анна Кузнецовалъул хӀаракаталдалъун гӀуцӀун буго эменазул совет. Гьеб хӀалтӀулеб буго ДагъистаналдагӀи. Советалъул аслияб мурад буго эбел-инсулги, общественносталъулги, пачалихъалъулги лъималазда хурхун гьабулеб хӀалтӀуе кумек щвей, гьезие тарбия кьеялъул иш кодохъ боси.



**НасихӀатчилъи**

# Къиматав педагог ва насихӀатчи

ТӀаса бищараб махщалие гъваридаб лъай щвей, гьеб заманаялъул тӀалабалги, гӀумруялъул роценалги цӀунун хӀалтӀизабун бажари буго чиясул талихӀалъул цо рахъ.

ТӀокӀкӀараб лъайги цӀубараб гӀакълуги кьегиха дур наслуялъе,-ян гьари - рахьиги гьабулелъул, гӀемеразда гуро гӀолохъанлъуда унго-унголъунги ракӀалъ тӀаса бищараб махщалие кьучӀ лъезе бажарулеб.

Гьедин ракӀалъ тӀаса бищараб махщалида Унсоколо районалъул ХъахӀабросулъа МухӀамадов Сулейман МухӀамадович хӀалтӀулев вугелдаса исана кӀикъоялда микьго сон буго. ГӀагараб росулъ школаги лъугӀизабун Дагъистаналъул Буйнакск шагьаралда бугеб тӀоцебесеб педучилищеялде цӀализе лъугьана гьев ва гьеб лъугӀигун хӀалтӀизе лъугьана росдал школалда байбихьул классазул учительлъун. Гьелда гӀей гьабичӀого нахъеги 1975 соналда цӀализе лъугьана Дагъистаналъул Пачалихъияб университеталъул филологиялъул факультеталде. ЛъагӀелалъ школалдаги хӀалтӀун ана Советияб Армиялде хъулухъ гьабизе. Гьеб тӀубан хадувги тӀад вуссана школалъул гӀумруялде.

Санал анагӀан тӀубазабулеб иш ракӀ-ракӀалъ тӀаса бищараб букӀин жиндиего якъинлъулеб букӀана Сулеймание. Бокьулеб хӀалтӀул хӀасилалги лъикӀал кколелъул, лъикӀал педагогазул кьеразулъе хехго вачӀана гьев. ЦӀодораб пикруялъул гӀолохъанав педагогасул бажариги, лъайги, лъималгун хӀалтӀизе бугеб насихӀатчилъиялъулаб тӀаса бищиги бихьичӀого хутӀичӀо лъай кьеялъул отделалда. Гьев тӀамуна школалъул завучлъун. Гьеб хӀалтӀи тӀубазабуна 1981 соналдаса нахъе 1987 соналде щвезегӀан ва гьелдаса хадуб 2014 соналде щвезегӀан тӀубазабуна школалъул директорасул ишал.

ГьабсагӀаталда жеги камилаб насихӀатчилъиялъулаб нухги бачун школалда хӀалтӀулев вуго Сулейман МухӀамадов. Цойги тӀокӀлъи буго гьесул хӀалтӀул нухалъул. Гьес школалда кьола авар мацӀ. Ахирияб заманалда лъималазул эбел-инсуца гӀагараб рахьдал мацӀ лъималазда лъаялъе, гьеб цӀуниялъулъ биччалеб кӀвар гьечӀолъиялъ рахӀат хвезабун бугоан гьесул. «Кин кӀолеб эбелалъул рахьдада цадахъ нилъее



щвараб гӀагараб мацӀ лъазабизе ккеларин абизе. Гьелдаса кьучӀ гьечӀеб пикру дида лъаларо»,-ян абула гьес.

КигӀан битӀараб пикруха гьеб бугеб? МацӀ билизе тараз ВатӀанги бичилародай?. Гьелде ургъулел гьечӀо цо-цо аварал. ГӀурус мацӀ лъани, тӀубанго культураялде анин хӀисаб гьабулеб буго гьез.

Лъималазулъги эбел-инсулъги гьединаб пикру куцаялъе гӀемераб хӀалтӀи гьабулеб буго росулъ Сулейманица. Гьес жиндирго хӀалбихьи цогидазухъе кьей гуребги гьираялда лъазабула жакъасеб информациялъулаб технология ва цогидалги цӀилъаби, педагоглъиялъулаб цебе тӀолеб гӀелму. Хехго хисулеб гӀумроялъул цӀилъабазда нахъе ккезе бегьуларелъулха педагог.

С. МухӀамадовасул рагьараб дарсида гӀахьаллъарай ГӀашильтӀа школалъул учительница Р. Закаригаевалъ редакциялде бачӀана гьев хӀикматав учителасулги гьесул дарсилги хъварал гьадинал мухъал: «Авар мацӀалъул ва литератураялъул рагьараб дарс С. МухӀамадовас гӀуцӀун бугоан гӀажаибго ракӀ тӀаде цӀаледухъ. Умумазул гӀумроги гьанжесеб технологияги рекъезаби гӀемер рекъон ккелеб ишлъун букӀинищха. Амма Сулейманица гьеб цӀакъ данде ккезабун бугоан. Экраналдасан рихьизарулел рукӀана поэтал, районалъул гӀорхъаби, цӀар рагӀарал гӀадамал, кечӀ-бакъан, гьелдаго цадахъ магӀарулазул гӀумро-яшав. Дун бахиллъана гьесул насихӀатчилъиялъулаб махщалида.

Огь, гьеб дарсида букӀараб лазат! Гьеб букӀана гьуинаб макьугӀанги кӀочон толареб. ЦӀакъго къечараб мехалъ цӀорораб лъим гьекъараб гӀадинаб асар гьабуна дие гьелъ. Цо чанго жугьаялдалъун кӀалъазе бокьун буго дие жеги гьесда;

**Лъималги ричӀичӀулев, гьезий вокьулев**
**ЛъикӀав насихӀатчи вукӀун вуго мун,**
**РагӀиги пасихӀав, пагьму цӀубарав**
**Къиматав педагог, нух битӀайги дуй!»**-абун.

НекӀсияб аби буго «Учитель тӀадегӀанавлъун вуго малъизе ва малъараб лъималазда босизабизе бажарулев»,-абун. Унго-унголъунги гьединавлъун вуго Сулейман МухӀамадов. Жидерго насихӀат лъималаз босичӀел эбел-эменги рачӀуна гьесухъе гӀакълу дандбазе, лъимер куцаялъе кумекалъе ватула гьев цивасе.

Авар мацӀалъул бищун лъикӀав районалда вугев специалист хӀисабалда гьесда лъай кьеялъул отделалъ нухмалъи гьабизе тӀад къан буго авар мацӀалъул учительзабазул ассоциациялъе. Щай гьедигӀанго дуца мацӀалде кӀвар кьолеб, - абураб суалалъе гьадин жаваб кьуна Сулейманица: «Щайгурелъул мацӀаз цойгидаб жоялъ такрар гьабулареб куцалъ загьир гьабула чиясул творчество, пикраби, анищал. Баян гьабула кин нилъеда дунял, гӀумро, гьелъул бухьенал ричӀичӀулел ругелали, ай мацӀазулъ букӀуна чиясул пикрабазулаб гӀумроялъул аслу»,-ян.

ГӀадамазе пайда бугев цӀар-реццалдаги ватула. ГӀемерал ХӀурматалъул грамотаби, Баркалаялъулал кагътал щвана гьесие педагоглъиялъул хӀалтӀуда. 1987 соналдайин абуни гьесие щвана «Лъай кьеялъул хӀалтӀулухъабазул соцкъецалда бергьарав»,-абураб значок, 1990 соналда – «РДялъул гӀаммаб лъай кьеялъул ХӀурматияв хӀалтӀухъан»,- абураб цӀарги.

ГӀелму малъи ккола гӀумро малъи. Гьединаб тӀадегӀанаб борч тӀубазабула щивав учителас ракӀ бацӀцӀадго хӀалтӀиги бачунаго. Чиясе лъикӀлъи бокьулеб гӀамал-хасиятгун, ракӀ-ракӀалъ гӀолеб гӀелалъе насихӀатчилъиги гьабулаго тӀамулеб буго жиндирго гӀумро ХъахӀабросдал гьоркьохъеб школалъул къиматав учитель С. МухӀамадовас.

**Саният**
**КЪЕБЕДМУХӀАМАДОВА**

## «150 школ» проекталъул бицана

«Проект «150 школ» буго республикаялъул муниципалитетазул хӀаракаталдалъун школазул материалиябгун техникияб база ракӀалиде ккезабиялъул мурадалда гьабулеб. Гьеб гӀумроялде бахъинабиялъе регионалияб бюджеталдасан буго 2 млн. гъурущ. 2018 соналда дандеккун цо ремонт гьабизе хӀажатал школал гурелги гьелда гьорлъе ккезе рес буго цӀиял школал райги»,-ян бихьизабуна данделъиялда ГӀ. НурмухӀамадовас.

Гьеб проекталъулъ гӀахьаллъизе руго «Генуб поселокалъулаб школа», «Зирани СОШ» ва цогидалги. Проекталда гьорлъе лъугьине хутӀун руго рикӀкӀарал къоял ва бетӀерас тӀадкъана гӀахьаллъизе ругез хехлъи гьабизе ккелин.

Гьел жавабиял суалазда цадахъго ГӀ. НрмухӀамадовас тӀадчӀей гьабуна районалда туризм цебетӀезабиялде, гьелъул инвестициял рачӀинариялдаги. Гьоркьор лъурал суалазда хурхун жидерго предложениял кьуна А. МухӀастановас ва цогидалги гӀахьалчагӀаз.

## Театразул Къо кӀодо гьабуна

Гьал къоязда Шамильхъала поселокалъул клубалда букӀана театразул Къо кӀодо гьабун тӀобитӀулеб районалъул культураялъул хӀалхьи гьабиялул центразул колективазул халгьаби. Фестиваль рагьана культураялъул отделалъул нач. ГӀ. ГӀабдулаевас. Гьединго саламалъулал рагӀаби абун гьенив кӀалъана ЕИСалъул нухмалъулев М-Н. ХӀайбулаев, культураялъул отделалъул ведущий специалист ГӀ-К. ГӀабдурахӀманов ва хӀурматияй гьобол, «культураялъул мустахӀикъай хӀалтӀухъан», ЧӀарада районалъул халкъияб театралъул режиссер Р. ГӀалиасхӀабова.

Росабазул ЦДКяз хӀадурун ругоан сатирикиялгун махсаро-хочӀалъул сценаялъулал постановкаби. Гьединго киналго коллективаз халгьабиязда авар ва гӀурус мацӀазда ахӀана кучӀдул.



Гьенибго цере рахъарал коллективазе кьуна хал гьабиялъулъ жигараб гӀахьаллъи гьабуралъухъ дипломал ва ракӀалде щвеялъул сайгъатал.

## Тарихалъулаб телевидение

Россиялда аналоговияб (гьаб сагӀаталда хӀалтӀулеб бугеб) телевидениялъул бакӀалда хӀалтӀизе биччалеб буго цӀияб (тарихалъулаб) телевидение.

ХӀалбихьи хӀисабалда гьеб къагӀида гьанжего хӀалтӀизабулеб буго цо-цо регионазда, гӀемерисел регионазда гьеб хӀалтӀи байбихьана январалдаса нахъе. Дагъистан буго 3 июналдаса нахъе цӀияб телевидение хӀалтӀизе биччазе бугел регионазда гьоркьоб. Гьелъул хӀакъалъулъ бицана 27 ноябралда «Дагъистан» РИАялда тӀобитӀараб данделъиялда РДялъул Информатизациялъул, бухьеназул ва гӀаммаб коммуникациязул министр Сергей Снегиревас. Гьесул рагӀабазда рекъон, Дагъистан 98.2 % хӀадурго буго тарихалъулаб телевидение хӀалтӀизе биччаялъе.

2013 соналдаса нахъе къватӀире риччарал телевизораз парахатго къабул гьабула цӀияб сигнал. Басриял телевизораз босизе ккола хасал приставкаби. Гьезул багьа гӀемер кӀудиябги гьечӀо – 700-1500 гъурущ.

Тарихалъулаб телевидение хӀалтӀизе биччаялда сверухъ суалал ругез ахӀизе бегьула гьаб телефоналъул номералдеги кӀалъан: **8-800-220-20-02**.

**Ахихъан**
Районалъул газета
№ 17 (7366)
Хамиз
18 Апрель 2019 сон



В среду, 17 апреля, под председательством Главы Республики Дагестан Владимира Васильева и руководителя Федеральной службы по надзору в сфере образования и науки Сергея Кравцова состоялось совещание о готовности региона к проведению основного периода государственной итоговой аттестации в 2019 году.



# Порядок приема, регистрации и разрешения в ОМВД России по Унцукульскому району заявлений о преступлениях




Наше общество развивается своей обычной жизнью, люди работают, учатся, общаются. Но порой случают-ся непредвиден-ные обстоятельства, неприятности, а иногда совершаются и преступления, когда гражданам необходима помощь и они набирают телефон по линии – 02.

Сотрудники ОМВД России по Унцукульскому району всегда готовы оказать необходимую помощь жителям и гостям района.

Для наиболее качественного и своевременного рассмотрения каждого заявления и обращения граждан, в ОМВД России по Унцукульскому району на постоянной основе действует, созданная комиссия по укреплению законности и учетного – регистрационной дисциплины, которая контролирует полноту регистрации и разрешения сообщений о происшествиях.

Данное направление оперативно - служебной деятельности отдела регламентируется приказом МВД России от 29.08.2014 г. «Об утверждении Инструкции о порядке приема, регистрации и разрешение в территориальных органах Министерства внутренних дел РФ заявлений и сообщений о преступлениях, об административных правонарушениях, о происшествиях», а также иными ведомственными и межведомственными нормативно – правовыми актами. Во исполнение этого приказа регистрация о преступлениях и происшествиях осуществляется в дежурной части ОМВД России по Унцукульскому району круглосуточно.

Любой гражданин может обратиться в дежурную часть ОМВД России по Унцукульскому району как лично, так и при помощи любых видов связи (по почте, по телефону).

Оперативный дежурный при личном обращении граждан в дежурную часть принимает заявление, оформляет талон – уведомление и выдает его заявителю под роспись. При этом заявитель предупреждается об уголовной ответственности за заведомо ложный донос, о чем в заявлении делается соответствующая запись, которая удостоверяется подписью заявителя.

По результатам рассмотрения заявлений и сообщений сотрудниками ОМВД в срок не более 3-х суток, а в исключительных случаях – в срок не более 10-ти суток, принимается одно из следующих решений:
- о возбуждении уголовного дела;
- об отказе в возбуждении уголовного дела;
- о передаче сообщения по подследственности, территориальности или в суд по делам частного обвинения.

О принятом решении сообщается заявителю и разъясняется его право обжаловать принятое решение и порядок обжалования в соответствии с уголовно-процессуальным законодательством Российской Федерации.

Непосредственный контроль за соблюдением законности при рассмотрении заявлений и сообщений о преступлениях и правонарушениях в ОМВД России по Унцукульскому району осуществляется и. о. начальником подполковником полиции Салманом Тажбудиновичем Гаджиевым.

Уважаемые граждане, если вам стало известно, что – либо о готовящихся или совершенных преступлениях или правонарушениях, а также нарушениях допущенных сотрудниками ОМВД России просим сообщить на круглосуточные телефоны дежурной части ОМВД России по Унцукульскому району: **99-60-33, 55-10-29**, факс – **98-43-57**.

Также в МВД по Республике Дагестан функционирует телефон доверия **8 987220 98-48-48** ОМВД России по Унцукульскому району.

# Тема Всемирного дня охраны труда в 2019 году. «Охрана труда и будущее сферы труда

В 2019 году отмечается столетний юбилей создания Международной организации труда (МОТ). В официально установленный Всемирный день охраны труда – 28 апреля, во всем мире начнут проводиться торжественные мероприятия , на которых будут подводиться итоги знаний и практического опыта, накопленных за 100 с лишним лет.

В преддверии своего столетнего юбилея и под влиянием дискуссий о будущем сферы труда, отмечая в этом году Всемирный день охраны труда, подводит итог столетних усилий по улучшению положения в этой области и строит планы на будущее, рассчитывая на продолжение данной работы в условиях серьезных перемен, касающихся таких аспектов, как технологии, демография, организация труда и климат.

С этой целью МОТ подготовит соответствущий глобальный отчет о своей столетней деятельности , посвященной спасению жизней и формированию безопасной и безвред-ной для здоровья производственной среды.В отчете будет показано ка-кой эволюционный путь про-шла охрана труда от периода, предшествовавшего созданию МОТ в 1919 году, до настоящих дней, и отмечены важные поворотные пункты, повлиявшие на данную сферу каким образом МОТ способствовала улучшению охраны труда.



# В целях оказания поддержки

## Уважаемые предприниматели!

В целях оказания всесторонней поддержки субъектам малого и среднего предпринимательства, а также лицам, желающим организовать предпринимательскую деятельность в Республике Дагестан, постановлением Правительства РД № 219 от 16 июля 2015 г. в структуре Агентства по предпринимательству и инвестициям Республики Дагестан создано Государственное автономное учреждение Республики Дагестан «Центр поддержки предпринимательства Республики Дагестан».

**ОСНОВНЫЕ НАПРАВЛЕНИЯ ДЕЯТЕЛЬНОСТИ ЦЕНТРА:**

- оказание субъектам малого и среднего предпринимательства адресной методической, информационной, консультационной, правовой и иной поддержки в области предпринимательской деятельности;
- оценка готовности предприятий к внедрению новых технологий, модернизации, реконструкции и техническому перевооружению производства;
- содействие в разработке программ модернизации, технического перевооружения и (или) развития производства;
- стимулирование и вовлечение субъектов малого и среднего предпринимательства в экспортную деятельность;
- содействие выходу субъектов малого и среднего предпринимательства на иностранные рынки товаров, услуг и технологий;
- оказание содействия в выводе на рынок новых продуктов (работ, услуг);
- обеспечение участия в мероприятиях на российских и международных выставочных площадках;

Центр также проводит обучающие мероприятия: семинары, тренинги, мастер-классы, конференции и круглые столы для предпринимателей.

Предприниматель, обратившись в Центр, сможет получить информацию о всех формах поддержки малого и среднего бизнеса, предусмотренных в подпрограмме «Развитие малого и среднего предпринимательства в Республике Дагестан на 2018-2020 годы».

По заявлению муниципальных образований, Центр может организовать и выездные семинар - совещания, ответить на, интересующие предпринимателей, вопросы.

Директор Центра поддержки предпринимательства - **Махмудов Загиди Чаракович**.

Режим работы; Пн - Пт с 9.00 до 18.00 (обед с 13 до 14 ч.)

Адрес: **367000**, Республика Дагестан, г. Махачкала, ул. Гагарина 120 Телефон: **55-04-24, +7 988 292-17-60**; Телефон горячей линии: **8 800 707 26 99** (звонок бесплатный).

# О газонаполнительных компрессорных станций



15 апреля, под руководством Председателя Правительства РД Артёма Здунова состоялось совещание по вопросам строительства автомобильных газонаполнительных компрессорных станций (АГНКС) и развития индустриального парка «Кристалл-сити».

Было отмечено, что в настоящее время ведется проработка вопросов расширения использования в регионе природного газа в качестве моторного топлива.

По информации Минпромэнерго республики, в Дагестане планируется строительство 26 АГНКС, а инвесторы могут претендовать на субсидирование до 30 % расходов.

«Развитие инфраструктуры газозаправочных станций должно быть синхронизировано с работой по переводу автотранспортных средств на использование компримированного природного газа в качестве моторного топлива, для обеспечения загрузки их мощностей»,– отметил Артём Здунов.

В мероприятии приняли участие заместитель Председателя Правительства РД Владимир Лемешко, а также руководители ряда министерств и ведомств.

Ракьазухъ-компенсация

# Рихьундерил вакилзабигун дандчIвай



Гьал къоязда конференц-залалда букIана Рихьундерил росдал вакилзабигун районалъул нухмалъиялъул гIадамалзул дандчIвай. Гьел ккола муниципалияб районалъул бетIер ГI. НурмухIамадов гьесул зам С. АрулмухIамадов, контролиябгун счетнияб палатаялъул председатель Ж.Шамсудинов, администрациялъул хIалтIухъаби – М. ГIалихIажиев, ЕИСалъул нух малъулев М. ХIайбулаев.

ДандчIваялда росдал вакилзабаз бицана ток борцунел приборал хисиялда ва гIарац бакIариялда хурхун росдал гIадамал рази гьечIолъиялъул. Араб рузман къоялъ росуцоял дандчIвана РЭС ва Дагъ-энергоялъул хIалтIухъабигун. Гьезда ва райадминистрациялда рихьундерица лъазабуна 10 соналдаса цIикIараб заман бугин жидер ахал лъеда гъоркье ккаралдаса, жеги кьун лъугIизабун гьечIин гIадада хвараб буголъиялъухъ компенсация, тIуразарулел гьечIин Правительствоялъги росдал администрациялъги гьабураб КъотIигун ХIукмо ва Протокол, - абун.

«Гьединлъидал киназго цогIадин росдаца ХIукмо гьабун буго учеталъул приборал лъезе гьукъизе ва электроэнергиялъухъ гIарац кьечIого тезе, Конституциялъул ва закониял тIалабал гьез цIунулел гьечIолъиялда бан. Цойги нухалъ Дагъистаналъул Правительствоялда гьарулеб буго – переселенцазул бугеб захIматаб хIалалде балагье»,- ян. Рихьундерица депутатазда,общественниял организациязда, интеллигенциялда, Дагъистаналъул адвокатазда гьарулеб буго цебе бугеб багъа-бачариялъулъ жидее кумек гьабе, - ян.

Жиндирго иргаялда ГI. НурмухIамадовас бихьизабуна кколел инстанциязде информациялги кьун гьеб суал хъаравуллъиялде гъоркье босилилан.

# ХIаракатчагIазул группагун дандчIвана

Гьебго къоялъ ГI. НурмухIамадов дандчIвана Рихьуни ГЭСалъул ракьал хIорида гъоркье ккеялдалъун зарал ккарал гIадамазул рахъалдасан вакилзабигун. Гьез тIалаб гьабулеб букIана лъелъ гъанкъарал ракьазухъ компенсация балагье, - ян.

ДандчIваялда гIахьаллъана лъелъ гъанкъарал ракьазул жавабияв М. ГIалихIажиев, «Ансал» ДРПООялъул председатель Н. Къурбанова, П. МухIамадгIалиева, М. МухIамадов, Ш. Шамсудинов.

Хадубккун группаялъ гьаризе ругел хIалтIабазулги бицана гьез. Бихьизабуна законнияб нухалдалъун гьеб суал цебе бачине бугин. Гьезие кумек гьабизе рагIи кьуна ГI. НурмухIамадовасги. Гьенибго бицен ккана Рихьуни, Унсоколо, Майданское, ГьаракIуни росабазул гIадамал рахъун



митинг тIобитIиялъул. ГI. НурмухIамадовас бихьизабуна гьеб законнияб къагIидаялъ тIобитIизе кколин.

Дозул доба кин бугеб?

## *БокьичIонигин донораллъун рахъуна*

ТIолалго дунялалъул гIалимзабаз ахIи балеб буго. 2010-2018 саназул медицинаялъул журналаз нус-нус макъала бахъун буго Китаялда жанир тIамурал гIадамазул трансплантациялъе органал рахъулел рукIиналъул.

Китаялъул властаз гьеб гьереси бугилан чIезабулеб гьечIо. Органал цогиясда лъезе кьеян лъихъанигин ихтияр босулеб гьечIо. КигIанго операция гьабилалде цебе нормотивиял документазда рекъон разилъи тIалаб гьабизе ккoлеб бугониги, жанив тIамурав разилъичIого операцияги гьабун, нахъе росулел руго хIажатал органал. Гьедин донораллъун гIадамал рахъунел руго гьезие бокьичIониги. Нахъе росулел руго ургьисалаби, тIул, бакьал ва цогидалги гIумроялъе хIажатал органал. Гьедин киса-кирего дунялалъул улкабазде ричулел руго Китаялъ донораздаса рахъарал органал. Цо-цо улкабазда кисан рачIаралали лъаларел органал къабул гьаруларо.

Китаялда щибаб сонайилго гIазаб кьун чIвала аза-азар туснахъав. Гьелъул хIакъалъулъ хIакъикъияб балъголъи власталь лъазе толаро.

Божизе захIматаб, амма…

# Планета Х

ГIалимзабазда гьоркьоб гIемерал дагIба-къецал руго Плутона орбитаялда нахъа бугин рикIкIунеб гипотетическияб планетаялъул хIакъалъулъ. Къецал хIалуцунел руго гьеб хIакъикъаталдаги букIиналъул кьучIалда гуребги кин гьеб дунялалда цIар бугеб?,- абураб суалалда сверухъги. Цебего гIадин лъиданиги лъаларо хIакъикъаталдаги Бакъулаб системаялда бугеб гьеб планетаялъул хаслъи, амма гьеб букIин бихьулеб буго телескопалъул кумекалдалъун. Дагьаб цебегIанги гьеб планета 20 нухалъ цIикIкIун сверулин Бакъулаб системаялда ва Нептуналда сверухъ,-ян рикIкIунаан. Гьединго 10 нухалъ кIудияб буго гьеб ракьалдаса.

Гьеб бихьулареб дунялалъул гIемер бицунеб буго «Девятая планета»,-абурал гIелмиял хIалтIабазулъ. Гьединаб цIар планетаялъе кьуна 2016 соналда гIисинал планетабазул Халкъазда гьоркьосеб астрономическияб цолъиялъ, Плутоналъул статус хвезабун хадуб. Гьелдаса хадуб цIикIкIараб гIалимзабазул дагIба-рагIиялде гъоркье ккана «Девятая планета».

**Планета Х яги «Девятая планета» бугеб жойищ?**

«Планета Х» абураб цIар уна некIсияб астрономиялъул тарихалъул гьваридал кьалбазулъе, ай Нептун ва Уран рагьараб 1846 сональулъе. Доб мехалда астрономазе тIатана гьезул арбитазда бицине лъаларел гIажаиблъаби. 1903 соналда Плутон рагьиялъе гIелмияб кьучI лъурав астроном Парсиваль Лоуэллица бицана ичIабилеб планета батизе бегьиялъул. 1905 соналда гьев гъорлъе лъугьана обсерваториялъул кумекалдалъун гьеб балагьизе. 10 сонида жаниб гIалимчиясухъе нус-нус космосалъул суратал щола, амма кинго гьеб чIванкъотIун балагьизе кIвечIо. Лоуэлл хвана 1916 соналда.



1930 соналда гьесул абсерваториялда хIалтIулаго Клайд Томбода ракIалда гьечIого батана щаклъи ккараб дунял. Томбоца гьелда цIар тана Плутон - абун, гьебго сурат батана Лоуэллилги. Гьедин Лоуэллил цIаралда тана гьеб рагьи.

Гьелдаса хадуб къотIичIо планета балагьиялъул хIалтIи. РикIкIунеб букIана Ураналъул орбиталда тIад асар гьабулеб «Планета Х» букIиналда хурхараб бахIс. Гьединаб пикру букIана 1989 соналдаги «Вояджер-2» абураб космическияб гама Нефтуналда аскIосан боржинчIеб мехалъ. Гьеб мехалъ гIалимзабаз хIукму гьабуна Нептун чанго нухалъ гьитIинаб бугин цебе рикIкIунеб букIаралдаса (кIодолъиялъул батIалъи буго Марсалъул гIанисеб къадаралъ). Гьеб рагьиялъ кумек гьабуна Ураналъул орбитраялъул гIаламатал ричIчIизе.

ГIалимчи Батыгиница жиндирго иргаялда гьеб планетаялда «Девятая» абун цIар лъуна. «Планета –Х» планетаялъул къисмат лъазаби жакъа къоялдаги унеб буго. Гьеб гипотетическияб планетаялдалъун хвезабизе бегьула Ракьул планета,-ян абулел гIалимзабиги руго.

ГьабсагIаталда гьеб планета балагьиялъе хIалтIизабулеб буго «Субару» телескоп. Гьеб лъун буго Гаваялъул Мауна Кса чIинкIиллъиялъул цо борхалъуда. ГIалимзабаз бихьизабухъе гIемерал квекIенал дандчIвалел руго гьеб ишалъулъ. «Девятая планета» балагьи лъугьунеб буго цIакъ захIматаб масъалалъун. Цо рахъалъ гьел руго гIалимчи Батыгиница абухъе гьава-бакъалъул санагIалъаби гьечIолъиялъ. Гьеб балагьиялъул иш хадубккунги халат бахъине буго.

## ЛЪАЗАБИ

Унсоколо № 2 гIаммаб лъай кьеялъул школалъ 1982 соналда Жамалудинова ПIайшат Камалудиновналъул цIаралда кьураб, А № 860516 бугеб гIаммаб лъай щвеялъул аттестат тIагIун буго.

Жакъа къоялдаса гьеб хIакъикъияб гуреблъун рикIкIуна

Газета основана 1937 г.
УЧРЕДИТЕЛЬ:
Администрация
Унцукульского района
Главный редактор
КЕБЕДМАГОМЕДОВА
САНИЯТ
КЕБЕДМАГОМЕДОВНА

Газета зарегистрирована Управлением Федеральной службы по надзору и сфере связи, информационных технологий и массовых коммуникаций по РД
Регистр. Пи № ТУ 05-00284 от 20 марта 2014 г.
Позиция редакции может не совпадать с точкой зрения авторов, которые несут ответственность за достоверность и объективность, представленных для публикации материалов. Рукописи не рецензируются и не возвращаются.

Адрес редакции:
51373
Унцукульский район
п. Шамилькала
ул. М. Дахадаева 3
Телефон редактора
89896522856
sadovoduns@yandex.ru
398940

Адрес издателя и типографии
г. Махачкала
«Дом печати» ул. Акушинского 21
Подписано в печать - 17. 04. 19 г. 16. 00
фактически -16. 30 мин.
......................................
Газета выходит 52 раз в год
на аварском и русском языках
Тираж - 1000 экз.